



Office of the Superintendent (Biwo Sipèntandan an)

Mary Skipper, Superintendent (Sipèntandan)

Bruce C. Bolling Municipal Building

2300 Washington Street, 5th Floor (5yèm etaj)

Roxbury, Massachusetts 02119 617-635-9050

superintendent@bostonpublicschools.org

www.bostonpublicschools.org

Pou : Komite Skolè Boston

Sot nan men : Mary Skipper, Sipèntandan

Dat la : 18 desanm, 2024

Sijè a : Mizajou ak Rekòmandasyon pou Règleman konsènan Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo

Aswè a, n ap pataje avèk nou kèk done ki gen pou wè avèk rezulta chanjman sila yo ki fèt nan Règleman pou Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo, epi n ap prezante yon rekòmandasyon pou nou konsidere.

Règleman sila yo ke nou t ap itilize pandan senk lane dènye yo dekri nan tablo anba a :

Ane admisyon	Règleman
Ane Skolè 2020-2021	Klasman nan tout vil la (Egzamen ISEE a ak nòt elèv yo)
Ane skolè 2021-2022	20% nan tout vil la + 80% Kòd postal (Nòt sèlman)
Ane Skolè 2022-2023	Klasman + Lòt pwen (10/15) (Nòt sèlman)
Ane Skolè 2023-2024	Klasman + Lòt pwen (10/15) (Nòt ak evalyasyon MAP la)
Ane skolè 2024-2025	Klasman + Lòt pwen (detèmine selon klasman/15) (Nòt ak evalyasyon MAP)

An janvye 2024, Komite Skolè a te apwouve yon chanjman nan Règleman Admisyon nan Lekòl Konkou Antre yo pou diferansye kantite pwen anplis nou atribye bay kèk elèv, selon lekòl yo te konn al ladan I lan pandan ane skolè anvan an, dapre klasman sosyoekonomik yo. Entansyon chanjman nan règleman an se te pou abòde lefèt ke gen kèk elèv ki pa t resevwa pwen anplis ki pa t kapab resevwa yon envitasyon nan lekòl premye chwa yo, paske nòt konbine minimòm pou resevwa yon envitasyon te plis pase 100 pwen ([Prezantasyon Desam 2023 a](#) ak [memo a](#)). Enplemantasyon chanjman nan peryòd admisyon ane skole 2024-2025 lan te koz ke okenn elèv pa t oblige gen yon nòt konbine ki pi wo pase 100 pwen pou resevwa yon envitasyon nan yon lekòl konkou antre.

Nou arive tandem ke kalkil klasman sosyoekonomik la kreye tansyon san rezon pami divès vwazen. Gen nan kèk ka ekstrèm, elèv ki soti nan yon kay ki sou yon bò lari a gen yon chans ki siyifikativman pi ba pou resevwa yon envitasyon pase yon elèv ki soti nan yon kay parèy lòt bò menm lari a, menm si rannman akademik yo ak orijin lekòl yo konparab.

Nou arive travay pou n balanse, avèk anpil swen, dezi nou pou n reponn a reyakson nou te tandem nan men divès manm kominote nou an avèk responsabilite nou genyen pou n avanse avèk prekosyon, anba direksyon done yo, pandan n ap fè plis analiz sou enpak chanjman



regleman yo. Pandan n ap antre nan senkyèm ane enplémentasyon an, nou dwe asire ke nenpòt chanjman anplis nan regleman an respekte lespri chanjman sila yo ki fèt nan regleman 2021 an, epi etandone ke nou nan mitan peryod demann nan pou admisyon ane skole 2025-2026 la, yo modès an dimansyon.

Avèk sa nan tèt nou, **mwen rekòmande yon chanjman nan regleman admisyon an pou konsolide (kole ansanm klasman yo) soti nan 8 klasman pou rive a 4**. Chanjman sa a senplifye règleman an, li redui divès chanjman ki fet akòz ti varyabilite nan done Sondaj Kominote Ameriken an « American Community Survey », epi l diminye diferans ki genyen nan aksè pamí elèv ki nan divès zòn jeyografik ki sanble. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou metodoloji pou kalkile klasman sosyoekonomik yo [nan sit sa a](#).

Nou pral prezante rekòmandasyon regleman sa a aswè a pou n konsidere epi mande Komite a vote sou rekòmandasyon regleman an nan yon reyinyon Komite Skolè an janvye, 2025.